Правила обращения с анонимными материалами, содержащими угрозы террористического характера

1. После получения такого документа обращайтесь с ним максимально осторожно. По возможности уберите его в чистый плотно закрывающийся полиэтиленовый пакет и поместите в отдельную жёсткую папку.

2. Постарайтесь не оставлять на нём отпечатков своих пальцев.

3. Если документ поступил в конверте – его вскрытие производите только с левой или правой стороны, аккуратно срезая кромку ножницами.

4. Сохраняйте всё: документ с текстом, любые вложения, конверт и упаковку, ничего не выбрасывайте.

5. Не расширяйте круг лиц, знакомившихся с содержанием документа.

6. Анонимные материалы направляйте в правоохранительные органы с сопроводительным письмом, в котором указываются конкретные признаки анонимных материалов (вид, количество, каким способом и на чём исполнены, с каких слов начинается и какими заканчивается текст, наличие подписи и т.п.), а также обстоятельства, связанные с их распространением, обнаружением и получением.

7. Анонимные материалы не должны сшиваться, склеиваться, на них не разрешается делать подписи, подчёркивать или обводить отдельные места в тексте, писать резолюции и указания, также запрещается их мять и сгибать. При использовании резолюции и других подписей на сопроводительных документах не должно оставаться давленых следов на анонимных материалах.

8. Регистрационный штамп проставляется только на сопроводительных письмах организации и заявлениях граждан, передавших анонимные материалы в инстанции.

Рекомендации при работе с почтой, подозрительной на заражение биологической субстанцией или химическим веществом

Что такое «подозрительное письмо (бандероль)»?

Некоторые характерные черты писем (бандеролей), которые должны удвоить подозрительность, включают:

- вы не ожидали этих писем от кого-то, кого вы знаете;

- адресованы кому-либо, кто уже не работает в вашей организации, или имеют ещё какие-то неточности в адресе;

- не имеют обратного адреса или имеют неправильный обратный адрес;

- необычны по весу, размеру, кривые по бокам или необычны по форме;

- помечены ограничениями типа «Лично» и «Конфиденциально»;

- в конвертах прощупывается (или торчат) проводки, конверты имеют странный запах или цвет;

- почтовая марка на конверте не соответствует городу и государству в обратном адресе.

Что делать, если вы получили подозрительное письмо по почте:

- не вскрывайте конверт;

- положите его в пластиковый пакет;

- положите туда же лежащие в непосредственной близости с письмом предметы.

Действия при обнаружении взрывного устройства в почтовом отправлении

Основные признаки:

- толщина письма от 3-х мм и выше, при этом в конверте (пакете, бандероли) есть отдельные утолщения;

- смещение центра тяжести письма к одной из его сторон;

- наличие в конверте перемещающихся предметов либо порошка;

-наличие во вложении металлических либо пластмассовых предметов;

- наличие на конверте масляных пятен, проколов, металлических кнопок, полосок и т.д.;

- наличие необычного запаха (миндаля, жжёной пластмассы и др.);

- «тиканье» в бандеролях и посылках.

Всё это позволяет предполагать наличие в отправлении взрывной начинки.

К числу вспомогательных признаков следует отнести:

- особо тщательную заделку письма, бандероли, посылки, в том числе скотчем;

- наличие подписей «лично в руки», «вскрыть только лично», «вручить лично», «секретно», «только вам» и т.п.;

- отсутствие обратного адреса, фамилии, неразборчивое их написание, вымышленный адрес;

- нестандартная упаковка.

Порядок действий

1. При получении сообщения о заложенном взрывном устройстве, либо обнаружении предметов, вызывающих такое подозрение, немедленно поставьте в известность дежурную службу объекта (дежурную часть органов внутренних дел). Сообщите точный адрес, телефон, фамилию, имя, отчество.

2. До прибытия сотрудников оперативно-следственных органов, МЧС, пожарных принять меры к ограждению объекта и недопущению к нему людей на расстояние, указанное в таблице.

3. По прибытии специалистов по обнаружению взрывного устройства действовать в соответствии с их указаниями.

Правила поведения при обнаружении взрывного устройства, либо предмета похожего на взрывное устройство

Не предпринимать действий, нарушающих состояние подозрительного предмета и других предметов, находящихся с ним в контакте.

Не допускать заливание водой, засыпку грунтом, покрытие плотными тканями подозрительного предмета.

Не пользоваться электро-радиоаппаратурой, переговорными устройствами, рацией вблизи подозрительного предмета.

Не оказывать теплового, звукового, светового, механического воздействия на взрывоопасный предмет.

Не прикасаться к взрывоопасному предмету, находясь в одежде из синтетических волокон.

В качестве мер предупредительного характера рекомендуем:

- ужесточение пропускного режима при входе и въезде на территорию объекта, установку систем сигнализации, аудио и видеозаписи;

- ежедневные обходы территории предприятия и осмотр мест сосредоточения опасных веществ на предмет своевременного выявления взрывных устройств или подозрительных предметов;

- периодическую комиссионную проверку складских помещений;

- более тщательный подбор и проверку кадров;

- организацию и проведение совместно с сотрудниками МЧС России, правоохранительных органов инструктажей и практических занятий по действиям при чрезвычайных происшествиях;

- при заключении договоров на сдачу складских помещений в аренду в обязательном порядке включать пункты, дающие право администрации предприятия при необходимости осуществлять проверку сдаваемых помещений по своему усмотрению.

В случае обнаружения подозрительного предмета незамедлительно сообщите о случившемся в правоохранительные органы по телефонам территориальных подразделений ФСБ, МВД, МЧС России, либо позвоните на номер экстренных оперативных служб 112.

До прибытия оперативно-следственной группы дайте указание сотрудникам находиться на безопасном расстоянии от обнаруженного предмета. В случае необходимости приступите к эвакуации людей согласно имеющемуся плану.

Важно: в соответствии с законодательством руководитель организации несёт персональную ответственность за жизнь и здоровье своих сотрудников.

- Обеспечьте возможность беспрепятственного подъезда к месту обнаружения подозрительного предмета автомашин правоохранительных органов, сотрудников МЧС России, в т.ч. пожарной охраны, скорой медицинской помощи, служб эксплуатации.

- Обеспечьте присутствие лиц, обнаруживших находку, до прибытия оперативно-следственной группы и фиксацию их установочных данных.

- Во всех случаях дайте указание не приближаться, не трогать, не вскрывать и не перемещать находку. Зафиксируйте время ее обнаружения.

Рекомендуемые зоны эвакуации (и оцепления) при обнаружении взрывного устройства или предмета, подозрительного на взрывное устройство

№ п/п	Взрывное устройство или предмет	Радиус зоны оцепления
1.	Граната РГД-5	50 м
2.	Граната Ф-1	200 м
3.	Тротиловая шашка	45 м
4.	Тротиловая шашка – 400 г	55 м
5.	Пивная банка – 0,33 л	60 м
6.	Мина – МОН-50	85 м
7.	Чемодан (кейс)	230 м
8.	Дорожный чемодан	250 м
9.	Автомобиль «Жигули»	460 м
10.	Автомобиль «Волга»	580 м
11.	Микроавтобус	920 м
12.	Грузовик-фургон	1240 м

Аппарат Антитеррористической комиссии в Республике Дагестан

Объявление

Управление Министерства юстиции Российской Федерации по Республике Дагестан (далее Управление) сообщает, что в соответствии с приказом Министерства юстиции Российской Федерации от 29.03.2023 № 54 «О формах и сроках представления в Министерство юстиции Российской Федерации отчетности некоммерческих организаций, не позднее 15 апреля года, следующего за отчетным.

При составлении отчетности в отношении некоммерческих организаций необходимо учитывать Федеральный закон от 12.01.1996 № 7-ФЗ «О некоммерческих организациях» (далее - ФЗ «О некоммерческих организациях»), приказ Минюста России от 29.03.2023 № 54 «О формах и сроках представления в Министерство юстиции Российской Федерации отчетности некоммерческих организаций»,

В соответствии с пунктом 3 статьи 32 ФЗ «О некоммерческих организациях» некоммерческие организации, за исключением указанных в пункте 3.1. статьи 32 ФЗ «О некоммерческих организациях», обязаны представлять в уполномоченный орган документы, содержащие отчет о своей деятельности, о персональном составе руководящих органов, документы о целях расходования денежных средств и использования иного имущества, в том числе полученных от иностранных источников, а некоммерческие организации, выполняющие функции иностранного агента, также аудиторское заключение. При этом в документах, представляемых некоммерческими организациями, выполняющими функции иностранного агента, должны содержаться сведения о целях расходования денежных средств и использования иного имущества, полученных от иностранных источников, и об их фактическом расходовании и использовании.

Некоммерческие организации, выполняющие функции иностранного агента, представляют в уполномоченный орган документы, содержащие отчет о своей деятел ьности, о персональном составе руководящих органов и работников, один раз в полгода, документы о целях расходования денежных средств и использования иного имущества, в том числе полученных от иностранных источников, - ежеквартально, аудиторское заключение - ежегодно.

В соответствии с пунктом 3.1. статьи 32 ФЗ «О некоммерческих организациях» некоммерческие организации, выполняющие функции иностранного агента, представляют в уполномоченный орган документы, содержащие отчет о своей деятельности, о персональном составе руководящих органов и работников, один раз в полгода, документы о целях расходования денежных средств и использования иного имущества, в том числе полученных от иностранных источников, - ежеквартально, аудиторское заключение - ежегодно.

Согласно пункту 3.2 статьи 32 ФЗ «О некоммерческих организациях» некоммерческие организации, за исключением указанных в пункте 3.1 настоящей статьи, обязаны ежегодно, а некоммерческие организации, выполняющие функции иностранного агента, - один раз в пол года размещать в информационно-телекоммуникационной сети "Интернет" или предоставлять средствам массовой информации для опубликования отчет о своей деятельности в объеме сведений, представляемых в Управление.

Обращаем Ваше внимание, что согласно пункту 10 статьи 32 ФЗ «О некоммерческих организациях» неоднократное непредставление некоммерческой организацией в установленный срок сведений, предусмотренных настоящей статьей, является основанием для обращения Управления в суд с заявлением о ликвидации данной некоммерческой организации.

При составлении отчетности в отношении общественных объединений необходимо учитывать Федеральный закон от 19.05.1995 № 82 «Об общественных объединениях» (далее — ФЗ «Об общественных объединениях»), приказ Минюста России о г 29.03.2023 № 54 «О формах и сроках представления в Министерство юстиции Российской Федерации отчетности некоммерческих организаций».

В соответствии с абзацем 4 части 1 статьи «Об общес твенных объединениях» общественные организации представляют сведения о продолжении своей деятельности с указанием действительного места нахождения действующего руководящего органа, его названия и данных о руководителях общественного объединения в объеме сведений, включаемых в Единый государственный реестр юридических лиц.

В соответствии с абзацем 8 части 1 статьи ФЗ «Об общественных объединениях» общественные объединения обязаны информировать федеральный орган государственной регистрации об объеме денежных средств и иного имущества, полученных от иностранных источников, которые указаны в пункте 6 статьи 2 ФЗ «О некоммерческих организациях», о целях расходования этих денежных средств и использования иного имущества и об их фактическом расходовании и использовании по форме и в сроки, которые предусмотрены приказом Минюста России от 29.03.2023 № 54 «О формах и сроках представления в Министерство юстиции Российской Федерации отчетности некоммерческих организаций».

Непредставление общественным объединением в установленный срок сведений, предусмотренных пункте 6 статьи 2 Федерального закона «О некоммерческих организациях», является основанием для обращения органа, принявшего решение о государственной регистрации общественного объединения, в суд с заявлением о признании данного объединения прекратившим свою деятельность в качестве юридического лица и об исключении его из единого государственного реестра юридических лиц.

Следует отметить, что вне зависимости от организационно-правовой формы некоммерческой организации, деятельность которой основана в соответствии с Федеральным законом от 1 1.08.1995 № 135-ФЗ «О благотворительной деятельности и благотворительных организациях» согласно статье 19 данного закона, благотворительные организации обязаны ежегодно представлять в Управление отчет, содержащий сведения о:

- финансово-хозяйственной деятельности, подтверждающие соблюдение требований данного закона по использованию имущества и расходованию средств благотворительной организации;

- персональном составе высшего органа управления благотворительной организацией;

- составе и содержании благотворительных программ благотворительной организации (перечень и описание указанных программ);

- содержании и результатах деятельности благотворительной организации;

- нарушениях требований указанного закона, выявленных в результате проверок, проведенных налоговыми органами, и принятых мерах по их устранению.

Осторожно-туберкулез!

Туберкулез-один из самых коварных и опасных заболеваний.

Под активным выявлением этой болезни принято понимать выявления больных в ходе обследований, проводимых независимо от наличия отсутствия признаков заболевания ею. Активное выявление туберкулеза проводят при массовых проверочных (скрининговых) обследованиях (их называют профилактическими).

Ответственность по своевременному выявлению больных туберкулезом несут руководители медучреждений. Контроль за выявлением должны осуществить руководители муниципальных органов здравоохранения и Роспотребнадзора. Помощь в этом должны оказывать работники противотуберкулезных учреждений.

Уже много лет для выявления туберкулеза органов дыхания у взрослых в России применяют флюорографию. Ее проводят каждые 1-2 года. Массовость позволяла выявлять болезнь на ранних стадиях развития. Система выявления больных в настоящее время претерпевает период модернизации и перехода на новые организационные технологии и методики исследования.

Для выявления болезни, а группах повышенного риска могут быть использованы все имеющиеся методы:

- лучевой (флюорография), микробиологический (мокрота, моча и тд.) и туберкулин диагностику (или скрининговый метод).

Последний из методов чаще используется для обследования взрослых.

Основным методом является лучевой или флюорографический. При применении этого метода могут быть выявлены пост туберкулезные изменения (рак метастазы, опухоли, саркоидоз и тд.).

Цифровые технологии позволяют многократно снизить облучение пациента и использовать преимущества компьютерной техники. Туберкулинодиагностика является основным методом раннего выявления инфицирования детей и подростков.

Выявлением больных должны заниматься врачи всех специальностей и средние медработники любых оздоровительных организаций, в том числе и частных организаций.

Если у больного имеются симптомы туберкулеза, то проводят полное обследование и, если имеются признаки, указывающие на болезнь, в течение 3-х дней его направляют в тубдиспансер по месту жительства на углубленную диагностику.

Контроль за этим осуществляют направивший больного специалист и специалист противотуберкулезной службы. Противотуберкулезная служба информирует с направившего больного, о результатах обследования.

Профилактическим медосмотрам подлежат все граждане страны, в том числе иностранцы и лица без гражданства. Осмотры бывают плановые и внеплановые (внеочередные). Их должны проходить не реже 1 раза в 2 года.

Военнослужащие работники родильных домов, лица, находящиеся в тесном контакта с источниками туберкулеза, лица снятые с диспансерного учета, лица перенесшие туберкулез. ВИЧ-инфицированные пациенты, состоящие на учете в наркологических и психиатрических учреждениях, освобожденные из мест заключения и т.д. проходят осмотры два раза в год. Больные хроническими неспецифическими заболеваниями органов дыхания ,желудочно-кишечного тракта, мочеполовой системы, больные сахарным диабетом получающие кортикостероидную лучевую и цитостатическую терапию, мигранты, беженцы, работники соцобслуживания и других учреждений, обслуживающих детей и подростков, осмотры проходят 1 раз в год. ,

Внеочередном порядке осмотры проходят лица, у которых подозрения на туберкулез, живущие с беременными женщинами и новорожденными, призываемые на военную или другую службу и лица, у которых ВИЧ-инфекция установлена впервые.

В целях раннего выявления туберкулеза детям (с 12-месячного возраста до 18 лет) ставят пробу Манту 1 раз в год, независимо от результата предыдущих проб. Детям, не вакцинированным против туберкулеза, по медпротивопоказаниям, пробу Манту ставят с 6-ти месяцев 2 раза в год. Манту не ставят на дому, а также в детских коллективах в период карантина по инфекционным заболеваниям. Если есть положительная реакция, т.е. папула 5 мм и более, то детей направляют к фтизиатру в диспансер. Таких детей на время не допускают детский коллектив. Пропуском коллектив в этом случае служит заключение фтизиатра об отсутствии туберкулеза. Для подростков (до 18 лет) ежегодно проводят флюорографию (профилактическое) и ставят Манту 1 раз в год. Если подростки учатся, работают, то диагностику проводят в медкабинетах данных организаций, если они не работают, пробу Манту ставят в поликлинике по месту жительства. В течение 6 дней с момента постановки пробы

Манту направляют на консультацию к фтизиатру в противотуберкулезный диспансер по месту жительства подростков:

- с первой положительной реакцией на туберкулин (инфильтрат 5 мм и более), не связанной с предшествующей иммунизацией против туберкулеза;

- с гиперреакцией на туберкулин - инфильтратом 17 мм и более, или меньших размеров, но везикулонекротического характера;

- нарастанием чувствительности к туберкулину - увеличение инфильтрата на 6 мм и более в течение года.

Не рекомендуется допускать к работе (учебе) подростков, направленных на консультацию в тубдиспансер, если они не представили (в течение месяца) заключение об отсутствии туберкулеза.

Флюорографический осмотр проводят подросткам в возрасте 15 и 17 лет. Если подростки имеют неспецифические заболевания (о них уже было сказано), то осмотр проводят 2 раза в год (чередуя разные методы). Если подростки состоят на учете в нарко-психиатрических учреждениях или инфицированы ВИЧ, то их нужно обследовать 2 раза в год. При выявлении патологии их направляют в тубдиспансер по месту жительства. Подростков с симптомами указывающими на возможное заболевание туберкулезом (легочные заболевания затяжного характера, экссудативный плеврит, подострый о хронический лимфаденит, узловатая эритема, хронические заболевания мочевыводящих путей и т.д.), направляют на консультацию к фтизиатру.

З.М. Магомедова, врач-фтизиатр

Инсан ва гIумру

Бажариги бихьун, кьолаан къимат

Умумуздасан, тарихалдаса нилъеда лъала нилъер тIабигIаталъул берцинлъиялда рекъараб гIамал-хасият умумулъ букIараблъи, тIаде къо бачIараб заманалда гьел цолъулел, цоцазе хIалае рахъунел рукIараблъи. Гьелда цадахъго, гьез захIматалъулъги кьалулъги бахIарчилъи, гъунки бихьизабулеб букIараблъиги балъголъилъун кколаро.

ГIолеб гIелалъе тарбия кьеялъулъги тIолабго жамагIат гIахьаллъулаан. Гьелъ квербакъулаан гьеб квешал пишабазде биччангутIиялъе, умумузул лъикIал гIадатал, гьитIинаб къоялдаса байбихьун, чорхолъ рессиялъе ва битIараб нухде ккезабиялъе. Гьаб заманалдаги нилъ нугIзаллъун руго, лъида букIаниги цо иш тIадкъазе жамагIаталъ ккани, гьесул бажари, махщел ва тухум-кьибил гьелъ цIехолеблъиялъе, цебе заманалдаги нилъер умумуз гьеб рахъал цIакъ хIалтIизе гьабулаан, гьелъ лъикIал хIасилалги кьолаан.



Сураталда: Муса ХалитхIажиев

Цогидаб рахъал босичIониги, нилъеда лъала гьаб заманалдаги яс гьаризе иналде цебе гьелъул тухум-кьибилалъги, тIаде рачIаразул гIумру – яшавалъул хIакъикъат ясалъул чагIазги цIехолеблъи. Къокъгьабун абуни, гьедин гьабиялъ рес кьолаан щулияб хъизан гIуцIизе гуребги.

Щибаб росулъ рукIана тухумал жидер рагIи жамагIаталда гьоркьоб билъ- лъанхъарал, къадру-къимат гIадамаз гьабулел. Гьединазда гьоркьоса рищулаан жамагIаталъул гIумру цебехун бачун бажарулел чагIи. Нагагьлъун жидеда лъураб божилъи гьединаз ритIухъ гьабичIони, гьел цогидаз хисулаан. Цоги, рехсарал гIадамал магIишат гьабиялъулъги цогидазе мисаллъун рукIунаан.

Нагагьлъун тухумалъулъа чияс къадараб иш гьабуни, гьелъул къимат гIодобе кколаан, гIемерал мисалал рукIана гьединазда росу тезабиялъулцин. Узухъда, тIолабго тухумалъул къимат хвезабурал ишал ккунгутIиялда тIад гьелъулъе кколелщинал хIалтIизеги хIалтIулаан.

ТIадехун рехсаралда хурхун, гIемераб хъвазе бегьула, амма гьеб дир мурадлъун кколаро. Дие бокьун буго, цебего заманалдаса байбихьун, нижер росулъ къадруяб тухумлъун кколеб букIараб цоялъул хIакъалъулъ къокъабго баян цIалдолезухъе щвезабизе.

XIX-абилеб гIасруялъул ахиралда нижер росулъ яшав гьабулев вукIун вуго ХалитхIажи абурав чи. Гьев кинав чи вукIаравали бицуна цо гьадинаб хIужаялъ: гьес, лъелгоги ун, лъабго нухалда хIеж борхун буго. Лъабабилеб нухалда хIежги борхун тIадвуссунев гьев, гьанжесеб ХIамзаюрт росу бугеб бакIалда къадаралде щун ва гьенивго вукъун вуго. Гьай-гьай, гьев вукIуна гIадамазда гьоркьоб рагIи билълъанхъарав, ресалда вугев бусурманчиги.

ХалитхIажил хъизаналда 1884 соналъ вас вижуна ва гьесие *«Муса»*, -ян цIарги кьола. Эменго гIадин, Мусаги вукIуна жамагIаталъул ишазулъ жигараб гIахьаллъи гьабулев чилъун вукIуна. ХIуригат бахъараб заманалда Муса нилъер гьаниб букIараб партизабазул багъа-бачариялъулъ гIахьаллъула.

Дол соназ Салатавия кколаан Хасавюрталъул округалъулъе. Большевиказ халкъалда жиндие гIемерал гIатIилъаби рукIине ругеблъи лъазабула, гьелда гьоркьоса гIемераз цIи гIуцIиялъулъ жигараб гIахьаллъи гьабизе хIаракатги бахъула.

Жидерго власть щула гьабиялъе большевиказ бакI-бакIазда батIи-батIиял гIуцIаби рагьулел рукIин лъазабула. Гьединал гIуцIабазул цояллъун ревкомал рукIана, узухъда, гьел Салатавиялъул ракьалдаги гIуцIана. 1920 соналъ Буртунай росулъги гьеб гIуцIула, гьелъул председателасул заместительлъун Муса Халитовги тIамула.

1921 соналдаса байбихьун, ревкомазул бакIалда сельсоветал гIуцIула. ТIоцебе гьеб нижер росулъ 1923 соналъ, букIине бегьула рищиялги тIоритIичIого, гIуцIула. 1924 соналъ, рищиялги тIоритIун, гьениб сельсовет бищула, гьелъул президиумалде 18 чиги гьелъул председательлъун Мусаги вищула.

Доб заманалда гьединал рищиял щибаб санайил тIоритIулел рукIун руго ва 1929 соналде щвезегIан сельсоветалъул председательлъун Мусаги вукIун вуго. Хадусан гьев Ж.К.Т. (гIи-боцIиялъул кооперативияб гьалмагълъи) гIуцIиялъе нухмалъи гьабизе тIамун вуго. Бицуна гьес кинабго жиндирго гIи-боцIи гьенибе кьун букIанин, ва Мусаде щвезегIан гьеб гIуцIиялъе гьесул лъади ХIаваца нухмалъи гьабулеб букIанин.

1931 соналъ районалъул исполкомалъ М. Халитов цIидасан сельсоветалъул председательлъун тIамула. Гьеб соналъул ахиралда Мусада тIадкъана 1930 соналъ росулъ гIуцIараб колхозалъул председателасул хъулухъ ва гьеб гьес 1933 соналъул ахиралде щвезегIан тIубазабула. Мусал лъади ХIаваги йикIун йиго росдал гIумруялъулъ жигараб гIахьаллъи гьабулей гIаданлъун. Буго гьадинаб биценги: ХIава Мусал кIиабилей лъадилъун кколей йикIун йиго. Гьей цоги чиясе абун йикIуна, ва бертин гьабизе лъабго къо хутIараб заманалда, Мусаца ХIава хъамун йиго. Бицуна, гьей хъамиялъулъ гьесул йикIарай тIоцеесей чIужуялъги гIахьаллъи гьабун бугин.

Советияб власть росулъ лъазабураб заманалда ХIавал 20 сон букIун буго. Гьелъ цIияб гIуцIи ракI-ракIалъ къабул гьабула ва росдал руччабалъ гьей тIоцеесей жигарчIужулъун йикIуна. 1925 соналдасан байбихьун, росабалъ дол соназ гIуцIулел рукIуна росдал гIадамазул батIи-батIиял гIуцIаби, гьезда гьоркьоб тIадехун рехсараб Ж.К.Т. гIуцIиги букIуна. Росдал гIадамазул биценалда рекъон, ХIава гьелъул нухмалъулейлъунги йикIанин бицуна. Гьей, чодаги рекIун ва таманча рочлохъги бан, хьвадулей йикIанин бицунелги руго. ГIемераз абулеб букIана ХIава сельсоветалъул председательлъунги йикIанин, амма гьеб тасдикъ гьабулел хIужаби ратичIо.

Цоги нухалда тIадруссун, Муса Халитов сельсоветалъул председательлъун росуцояз вищараб заманалда, ХIавада тIад къан буго росдал лъималазул ахалъе нухмалъи гьабизе.

ХIаваца хIаракат бахъулеб букIун буго, росдал руччаби тIоритIулел тадбиразда гIахьаллъизаризеги. 1937 соналъ ХIаваца росулъ 8 марталъул байрам кIодо гьабизе кIудияб тадбир гIуцIун буго. Байрамалда хурхараб докладги гьабун, гьелъ росуцоязе жинцаго бахъараб кечIги цIалун буго.

1939 соналъул 6 марталда къватIибе биччараб районалъул *«Казбек колхозчи»* газеталда, *«Халидовалъул лъикIал хIалтIаби»* цIаралда гъоркь, бахъараб макъалаялда хъвалеб буго: *«Буртунай росдал советалда цебе бугеб санитарный руководительница Халидова ХIавал цебехъанлъиялдалъун росдал захIматчагIазе пайдалияб цо чанго хIалтIи гьабуна. Масала, жиндасан захIматчагIаз пайда босулареб букIараб 2 ицц лъикI гьабун къачIана. БоцIи гьекъолел рукIарал рогIрал рукIана хун, гьелги къачIазаруна. Гьединго щивав захIматчиясул рукъобги гьелъ санитарияб рацIалъи чIезабун буго. Советалда цере ругел цогидал секциябаздаги ХIавал лъикIал хIалтIабазул опыт жидерго хIалтIулъги рукIинаризе ккела»*,-ян. (Автор А.Ш.)

ХIалхьиялде ун хадусанги ХIаваца жигараб гIахьаллъи гьабулаан росдал жамагIаталъул гIумруялъулъ. Гьелъ батIи-батIиял дандчIваязда бицунаан пачаясул заманалда халкъалъул букIараб язихъаб гIумруялъул, Советияб власталъ гьелъие кьураб гIатIилъабазул, руччабазе щварал ихтияразул, лъай босиялъе, сахлъи букIинабиялъе чIезарурал ресазул ва цогидалги лъикIал рахъазул.

Херлъиялъ жинда къвал баниги, гьелъ сариналги рахъулел рукIун руго Л. И. Брежнев гIумруялдаса ватIалъиялда хурхун (гьеб дие Пахрудин Утарбиевас бицана), гьелъ бахъараб сариналъулъ гьадинал рагIабиги рукIун руго:

-Совет Союз сверун чали чармилав, Месед чIегIерлъанин поездал чIана.
Чали бихханилан чIегIербан руго. Дунялго гвангъараб чирахъги сванин,
Чалиялъе хъазихъ меседил чIварав, Канлъи бихьиладай дуда партия?...

ХIаваца партиялъул хIакъалъулъ абураб, гьелъул букIинисеб гьелда бихьулеб букIараб кинниги, ритIухъаблъун ккараблъи нилъеда бихьана.

Гьаб макъалаялъе ахир лъезе дие бокьун буго гьадинал хIужабаздалъун: Мусалги ХIавалги лъималлъун кколаан ХIабизат Мусаева ва СагIидбег Мусаев. СагIидбег ккола нилъер районалъул бетIер ХIажимурад Мусаевасул кIудив эменлъун.

Зайнудин Охъмазов, Буртунай росу

«БахIарчиясул хъизаналъул гьоболлъухъ» акциялда хурхун...

«Чапар» газеталъул цересел номеразда хъван букIана, тIадехун рехсараб цIаралда гъоркь, СВОялда гIумруялдаса ратIалъаразул хъизабазе кумек гьабиги зама-заманалда гьезухъе щвейги гIадатлъун лъугьун букIиналъул хIакъалъулъ.

18 марталда *«Улбузул къуват»* жамгIияб гIуцIиялъул районалда бугеб отделениялъул куратор Аминат Абужанатова, ЕИЦалъул хIалтIухъабигун цадахъ, СВОялда гIумруялдаса ватIалъарав ва *«БахIарчилъиялъул»* орденалъе мустахIикълъарав Гертма росулъа МухIамад Пирбудагъовасул хъизаналъухъе щвана.

МухIамадил эмен СайгидахIмадица бицана: *«МухIамад вукIана лъабго ясалда гьоркьов гIурав цохIогояв васлъун.2008 соналъ школаги лъугIизабун, гьев Дагъистаналъул автомобилазулгун нухазул институталде лъугьана.*

Гьелдаса хадув МухIамад батIи-батIиял бакIазда хIалтIана. Гьесул лъабго лъимерги букIана. 2023 соналъул маялда, къатIи-къайги хъван, гьев рагъулаб хъулухъалде ана.

СВОялда гIахьаллъизе живго ин гьес нижеда лъазе биччачIо. Цадахъ вукIарасе кумек гьабулаго, МухIамад захIматго лъукъана, ва гьев гIумруялдаса ватIалъана»,-ян.

Тадбиралъул ахиралда Аминат Абужанатовалъ рагъухъанасул хъизаналъе кверал хIадурараб МухIамадил сурат сайгъат гьабуна.

«Хандакъазул хIедучирахъал» хIадур гьаруна

Дилим росулъа вацал Эльдар ва Ибрагьим Булатхановаз Украиналда тIобитIулеб хасаб рагъулаб операциялда гIахьаллъулезе битIизе 100 хIедучирахъ хIадурана.

Гьезие кIудиял умумузги эбел-инсуцаги кумек гьабуна. Жалго вацаз бицана телевизоралда жидеда бихьанин хIедучирахъал хIадурулеб къагIида ва жидер хIукму ккани гьединал хIедучирахъал хIадуризе.

Гьел хIедучирахъаз 5 -6 сагIаталъ дагьаб букIаниги хинлъиги гIезегIанаб канлъиги кьолеб буго. Гьединго, гьезул кумекалдалъун, квен хин гьабизеги бегьулеб буго.

«Салатавия» изданиялдаса босараб

Дин ва гIумру

Баркула!

Районалъул, гьелъул гIадамазул гIумруялъул хал гьабулезда лъала социалиябгун экономикияб рахъал цебетIезабиялъулъ, культураялъул даража борхизабиялъулъ, спорталъулъ ва цогидалги батIи-батIиял ишазулъ нилъер район церетIурал районазул цебесеб кьерда букIин.

ТIадехун рехсараб тасдикъ гьабулел ишазул хIакъалъулъ бицана ва хъвана районалъул СМИяздаги. Диниял ишазулъ нилъер гIадамаз жигараб гIахьаллъи гьабулеблъиги районцоязда лъалеб батила. Гьеб тасдикъ гьабулел мисалазул цояблъун гъоркьехун рехсараб рикIкIинеги бегьула.

16-17 марталда Гъизляр шагьаралда тIоритIана Къуръан рекIехъе бицунезулгун гьеб цIалулезул республикаялъул 12 –абилел рагьарал къецал. Гьел къецазда гIахьаллъарав Дилим росулъа ГIабдула ХIайбаевасе рекIехъе 5 джуз бициналъул номинациялда тIоцебесеб бакI щвана.

Баркула ГIабдулада ва гьесул мугIалим МухIаммадсалам Хубаевасда гьеб тIадегIанаб бергьенлъи. Гьарула гьезие щулияб сахлъи, рохел, талихI ва жеги тIадегIанал бергьенлъаби.

МухIамадгIазиз ХIамидов

Рохалилал тадбирал тIоритIана

ТIолабго дунялалъул халкъалда лъалеб батила 1954 соналъ КПСССалъул ЦКялъул ТIоцевесев Секретарлъун вукIарав Н.С. Хрущёвас РСФСРалъул бутIалъун кколеб букIараб Крым Украиналъухъе кьеялъул, хадусан ккарал хиса- басиязул

хIасилалда ва Крымалъул гIадамазул гьариялда рекъон, 2014 соналъ гьеб Россиялъул Федерациялде гьоркьобе бачиналъул хIакъикъат.

Узухъда, Америкаялъул политиказдаса байбихьун, гьедин гьаби ритIухъаблъун гьечIилан ахIтIолезул сияхI халатаб букIана, амма букIаралъул, гьанжесел лъугьа-бахъиназул бичIчIен бугез Крым Россиялде гьоркьобе бачин ритIухъаблъун рикIкIана.

18 марталда Крым Россиягун цолъаралдаса 10 сон тIубана.

Гьелда хурхун, Россиялдагун Крымалда батIи-батIиял рохалилал тадбирал тIоритIана.

Узухъда, гьел нилъер районалдаги тIоритIана. *«ТIоцересезул бахъа-бачари»* гIуцIиялъул жигарчагIаз, гьеб къоялда хурхун, районалъул школазда спорталъул къецал, музыкалиял церерахъинал, классазул сагIтал, гара-чIвариял, суратал рахъиялъул конкурсал, фотовыставкаби ва цогидалги тадбирал тIоритIана.

Ибрагьим Идрисов

Уведомление

Правление СПК «Дружба» Казбековского района с. Ленинаул уведомляет членов и ассоциированных членов СПК «Дружба» о том, что на основании графика УСХ (Управление сельского хозяйства) и решения правления СПК «Дружба» от 14 марта 2024г.(протокол №1) состоится отчетно-выборное собрание СПК «Дружба».

Начало собрания -10:00 ч.

Дата проведения -20.04. 2024 г.

Место проведения - административное здание СПК «Дружба» 2-й этаж кабинет председателя.

Повестка дня:

1. Отчет председателя СПК «Дружба» Шамирзаева И.Ш.
2. Выборы членов правления СПК «Дружба»
3. Выборы председателя СПК «Дружба»
4. Разное

Правление СПК «Дружба»

Спорт-инсанасул сахлъи

Регбол

3 марталда Дилим росулъ тIобитIана районалъул гIолилазда гьоркьоб регбол (футболалъул цо къагIида) хIаялъул чемпионат.

ХIалуцарал къецазда хадуб, тIоцебесеб бакIалде *«Ленинаул», кIиабилебгун*

лъабабилеб бакIазде «Дилим -I» ва «Дилим-2» командаби рачIана.

Призалъулал бакIал росарал командабазе гьенир грамотаби, кубокал, медалал ва гIарцулал шапакъатал кьуна.

БОКС

Ахириял соназ нилъер районалдаса гIолилаз бакI-бакIазда тIоритIулел боксалъул батIи-батIиял къецазда лъикIал хIасилал рихьизарулел руго.

Гьедин,4-10 марталда Хъумторхъала районалъул Алмало росулъ 2011-2012 соназ гьарурал боксеразда гьоркьоб тIобитIараб Дагъистаналъул чемпионаталда Мусашайих ГIазаевасул спортшколалдаса гIолохъанал боксералги гIахьаллъана.

Гьениб, 80 кг. цIайиялда, МухIамадрасул Запировас кIиабилеб бакI босана, ва гьев кубокалдалъунги, медалалдалъунги, грамотаялдалъунги, гIарцулаб шапакъаталдалъунги кIодо гьавуна.

Гьесул тренерлъун Салисби Набиев ккола.

Насрула Алиукъаев

Волейбол

Нилъер районалда гIадатлъун лъугьун буго захIматалъулъ тIокIлъи бихьизабурал ракIалдещвезари мурадалда, щибаб соналъ батIи-батIиял тадбирал тIоритIи.

Гьединазул цояблъун букIана дагьал церегIан къояз тIадехун рехсаразул цоявлъун кколев Абубакар(Сахратула) МухIамадрасулов ракIалдещвезавиялда хурхун, Дилим росдал гимназиялда тIобитIараб волейболалъул турнирги.

Гьеб тIобитIиялъе Абубакарил гIагарлъиялъги гьесул гьудул-гьалмагъзабазги квербакъана. Турниралда 12 команда гIахьаллъана. ХIалуцарал хIаяздаса хадуб, тIоцебесеб бакIалде лицеялъул команда бачIана, кIиабилебгун лъабабилеб бакIазе Калининаул росдал гьоркьохъеб школалъул ва Гуни росдал гимназиялъул командаби мустахIикъ-лъана.

Призалъул бакIал росарал командаби гьенир кIодо гьаруна лъайкьеялъул управлениялъул медалаздалъунги, грамотабаздалъунги, спонсоразул рахъалдасан, гIарцулал шапакъатаздалъунги. КIочон течIо гьенир лъикI хIарал цIалдохъабиги. Гьезул МухIамад МухIудинов, Ибрагьим Меджидов, Абубакар СултанмухIамадов (лицей), СагIид Садуев(Гуни, гимназия) ва МухIамад Мусаев (Буртунай), призалъулал бакIал росарал командабиго гIадин, кIодо гьаруна.

Сайгибат Гереханова,
РУОялъул начальникасул заместитель

БетIерав редактор: И.Б.Салимханов 55-48-94
Жавабияв секретарь: М.-Ш.Э. ГIабдулашимов

Мухбирзаби: И.Р. Идрисов, Д.К. Батиева,
Набор: М.М. ХIайбаева
Верстка: М.А.АтавхIажиева ва З.ХI ХIасанова
Фотокорреспондент: М.-гI.ХI.ХIамидов

Газета бахъизе байбихьана 1933 соналъул 15 апрелалда
Типографиялъул адрес: 367032, РД, МахIачхъала шагьар, Насрутдиновасул проспект,1А

Газета хIадур гьабуна редакциялъул компьютералъул цехалда.
Графикалда рекъон, печаталде кьураб заман 16.00
ХIакъикъаталда печаталде кьураб заман 16.00

Учредитель: администрация МР "Казбековский район"
Редакциялъул (издательствоялъул) адрес: РД, Казбек район, Дилим росу, 368140,
Индекс: 51354 Тираж-1461, багьа-эркенаб

Газета зарегистрирована в Управлении Роскомнадзора по РД 19.05.2014 г. серия ПИ № ТУ 0500290

Макъалабазда рехсарал хIужабазул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб авторас кьола